Нохчийн Республикин дешаран а,
1илманан а Министерствон
2018-чу шеран ________ беттан
___-чу дийнан № ___омрина юххедиллар

**«Йийцаре йина»**
Нохчийн Республикин дешаран а,
1илманан а министран
хьалхара заместитель,
белхан тобанан куьйгалхо
_________________ Тааев Д.И.
2018-чу шеран ________ беттан ___ де.

**«Т1еч1аг1ио»**
Нохчийн Республикин дешаран а,
1илманан а министр
_________ Байханов Б.И.
2018-чу шеран ________ беттан 18 де.

# Пачхьалкхан коьрта экзаменан (ПКЭ) кепехь дешаран коьрта юкъардешаран программашца д1ахьош йолу пачхьалкхан жам1даран аттестаци

# Дешархой НОХЧИЙН МЕТТАН пачхьалкхан коьрта экзамен д1аяхьа кийча хиларан т1ег1анан лехамийн а, чулацаман элементийн а кодификатор

Кечйина Нохчийн Республикин дешаран а, 1илманан а Министерствос

КОПИЯ ВЕРНА
№1
"____" ____________ 201__

# Дешархой НОХЧИЙН МЕТТАН пачхьалкхаи коьрта экзамен д1аяхьа кийча хиларан т1ег1анан лехамийн а, чулацаман элементийн а кодификатор

Нохчийн меттан пачхьалкхан коьрта экзамен д1аяхьарехь дешархой кийча хиларан т1ег1анан лехамийн а, чулацаман элементийн а кодификатор талламан – лараран коьчалийн (кхин д1а – ТЛК) чулацам а, д1ах1оттам а билгалбечу документех цхьаъ ю. Кодификатор – иза арахецархойн кечамбаран бараман а, толлучу чулацаман элементийн а системе ялийна ларам (перечень) бу, шена чохь х1ора арахецархочунна (объектана) билгалйина код а йолуш.

Кодификатор х1оттийна коьрта юкъарчу дешаран пачхьалкхан стандартан Федеральни компонентан буха т1ехь (Россин Федерацин дешаран Министерствон 05.03.2004-чу шеран № 1089 йолу омра).

Кодификатор шина декъах льтта:

– 1-ра дакъа. «НОХЧИЙН МЕТТАН пачхьалкхан коьрта экзаменехь толлучу чулацаман элементийн ларам (перечень)»;

– 2-г1а дакъа. «НОХЧИЙН МЕТТАН коьрта юкъардешаран программаш караерзийна дешархой кийча хиларан т1ег1ан лехамийн ларам (перечень)».

Кодификатор юкъа ца балийна экзаменехь талла йиш йоцу кийча хиларан т1ег1ан лехамаш.

## 1-ра дакъа. НОХЧИЙН МЕТТАН пачхьалкхан коьрта экзаменехь толлучу чулацаман элементийн ларам

Нохчийн меттан пачхьалкхан коьрта экзаменехь толлучу чулацаман элементийн ларам х1оттийна 2004-чу шеран коьрта юкъарчу дешаран пачхьалкхан стандартан компонентан буха т1ехь.

Стоммачу курсиваца гайтина чулацаман даккхий дакъош (блокаш), лахахь уьш мелла а кегийчу дакъошка декъна. Цу кодификаторан х1ора декъо гойту дешаран чулацаман алсамдаьккхина дидактически дакъа (единица), шеца масех тематически дакъа(единица) хила йиш йолу. Шолг1ачу б1ог1амалгехь гойту шена ТЛК-н (КИМ) т1едахкарш кхуллуш болчу чулацаман элементан код.

| Декъан код | Толлучу элемен-тан код | Экзаменационни белхан т1едахкарщца толлучу чулацаман элементаш |
|---|---|---|
| 1 | | *Фонетика* |
| | 1.1 | Аьзнаш а, элпаш а |
| | 1.2 | Дешан фонетически анализ |
| 2 | | *Лексика а, фразеологи а* |
| | 2.1 | Дешан лексически маь1на |
| | 2.2 | Синонимаш. Омонимаш. Антонимаш |
| | 2.3 | Фразеологически карчамаш |
| | 2.4 | Схьадовларца а, пайдаэцарца а декъалучу дешнийн тобанаш |
| | 2.5 | Лексически анализ |

| | | |
|---|---|---|
| **3** | | ***Морфемика а, дошкхолладалар а*** |
| | 3.1 | Дешан маь1не дакъош (морфемаш) |
| | 3.2 | Дешан морфемни анализ |
| | 3.3 | Дошкхолладаларан коьрта некъаш |
| | 3.4 | Дешан дошкхолладаларан анализ |
| **4** | | ***Грамматика. Морфологи*** |
| | 4.1 | Коьрта къамелан дакъош |
| | 4.2 | Г1уллакхан къамелан дакъош |
| | 4.3 | Дешан морфологически анализ |
| **5** | | ***Грамматика. Синтаксис*** |
| | 5.1 | Дешнийн цхьаьнакхетар |
| | 5.2 | Предложени. Предложенин грамматически лард Предложенин коьрта меженаш: подлежащи, сказуеми |
| | 5.3 | Предложенин коьртаза меженаш |
| | 5.4 | Цхьанах1оттаман а, шинах1оттаман а предложенеш |
| | 5.5 | Яьржина а, яржаза а предложенеш |
| | 5.6 | Юьззина а, юьззина йоцу а предложенеш |
| | 5.7 | Чолхеяьлла цхьалхе предложени |
| | 5.8 | Чолхе предложени |
| | 5.9 | Хуттургаш йоцу чолхе предложенеш. Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенера цхьалхечу нредложенийн маь1наш |
| | 5.10 | Ийна чолхе предложенеш |
| | 5.11 | Ма-дарра къамел лач къамеле дерзор |
| | 5.12 | Цхьалхечу предложенин синтаксически таллам |
| | 5.13 | Чолхечу предложенин синтаксически анализ |
| | 5.14 | Синтаксически анализ (жам1 дар) |
| **6** | | *Орфографи* |
| | 6.1 | Орфограмма |
| | 6.2 | Дешнийн чаккхенгахь шала мукъаза элпаш яздар |
| | 6.3 | Дешнийн орамехь шала мукъаза элпаш яздар |
| | 6.4<br>6.5 | Шала шалха элпаш нийсаяздар<br>Мукъачу элпийн Е, Ё, Ю, ЮЬ, Я, ЯЬ нийсаяздар |
| | 6.6 | Дешхьалхенийн нийсаязъяр |
| | 6.7 | Дешнийн орамаш вовшахкхетарца чолхе дешнаш кхолладалар а, нийсаяздар а |
| | 6.8 | Дешхьалхенийн, дешт1аьхьенийн нийсаязъяр |
| | 6.9 | Дожарийн чаккхенаш нийсаязъяр |
| | 6.10 | Хандешнийн чаккхенаш нийсаязъяр |
| | 6.11 | Дацаран дакъалгаш ЦА, МА нийсаяздар |
| | 6.12 | Дацаран ц1ерметдешнийн нийсаяздар |
| | 6.13 | Куцдешнийн нийсаяздар |
| | 6.14 | Къамелан дакъош цхьаьна а, къаьстина а, дефисца а яздар |
| | 6.15 | Орфографически анализ |
| **7** | | ***Пунктуаци*** |
| | 7.1 | Подлежащиний, сказуеминий юккъехь сацаран хьаьркаш |

| | | |
|---|---|---|
| | 7.2 | Чолхеяьллачу цхьалхечу предложенехь сацаран хьаьркаш |
| | 7.3 | Шакъаьстинчу къастамашца сацаран хьаьркаш |
| | 7.4 | Шакъаьстинчу латтамашца сацаран хьаьркаш |
| | 7.5 | Дустаран карчамашца сацаран хьаьркаш |
| | 7.6 | Латтаман дурсашца сацаран хьаьркаш |
| | 7.7 | Предложенин шакъаьстинчу меженашца сацаран хьаьркаш (жам1 дар) |
| | 7.8 | Предложеница грамматически уьйр йоцчу дешнашца сацаран хьаьркаш |
| | 7.9 | Чолхеяьллачу предложенехь сацаран хьаьркаш (жам1 дар) |
| | 7.10 | Ма-дарра къамелехь а, цитаташкахь а сацаран хьаьркаш |
| | 7.11 | Чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенехь сацаран хьаьркаш |
| | 7.12 | Чолхе-карарчу предложенехь сацаран хьаьркаш |
| | 7.13 | Ийна чолхечу предложенешкахь сацаран хьаьркаш |
| | 7.14 | Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенехь сацаран хьаьркаш |
| | 7.15 | Хуттургаш йолчу а, йоцчу а чолхечу предложенехь сацаран хьаьркаш |
| | 7.16 | Цхьалхечу а, чолхечу а предложенешкахь тире |
| | 7.17 | Цхьалхечу а, чолхечу а предложенешкахь шит1адам |
| | 7.18 | Цхьалхечу а, чолхечу а предложенешкахь пунктуаци |
| | 7.19 | Пунктуационни анализ |
| **8** | | ***Къамел*** |
| | 8.1 | Текст – къамелан произведени. Текстан маь1нин а, композиционни а цхьаалла |
| | 8.2 | Текстехь предложенийн уьйран г1ирсаш |
| | 8.3 | Къамелан стилаш |
| | 8.4 | Теме, 1алашоне, т1екаренан хьелашка, къамел хьаьнга деш ду хьаьжжина, меттан г1ирсаш харжар |
| | 8.5 | Текстан анализ |
| | 8.6 | Тайп-тайпана стилаш а, маь1нийн къамелан тайпанаш а долу тексташ кхоллар |
| **9** | | ***Меттан норманаш*** |
| | 9.1 | Орфоэпически норманаш |
| | 9.2 | Лексически норманаш |
| | 9.3 | Грамматически норманаш (морфологически норманаш) |
| | 9.4 | Грамматически норманаш (синтаксически норманаш) |
| **10** | | ***Нохчийн меттан къамелан суртх1оттор*** |
| | 10.1 | Суртх1оттоdefault г1ирсийн анализ |

## 2-г1а дакъа. НОХЧИЙН МЕТТАН коьрта юкъардешаран программаш караерзийна дешархой кийча хиларан т1ег1анан лехамийн ларам

Х1окху декъехь гайтина арахецархой ПКЭ-а (ОГЭ) кийча хиларан т1ег1анан лехамийн ларам.

| Лехамийн код | | Экзаменехь толлуш долу хаарш |
|---|---|---|
| 1 | | *Анализан тайп-тайпана кепаш* |
| | 1.1 | Меттан дакъош довзар, церан анализ яран тайп-тайпана кепаш |
| | 1.2 | Текстан тема а, коьрта маь1на а, текстан я цуьнан декъан маь1нин тайпа къастор |
| | 1.3 | Къамелан мотт, 1илманан стиль, г1уллакхан стиль, публицистически стиль, исбаьхьаллин литературин мотт къасто хаар |
| 2 | | *Аудировани а, ешар а* |
| | 2.1 | Барта а, йозанан а хааман информацих (1алашонах, коьртачу а, т1етоьхначу а теманах, гуш йолчу а, къайлахчу а информацих) нийса кхетар |
| | 2.2 | Тайп-тайпанчу стилийн, жанрийн тексташ ешар |
| | 2.3 | Ешаран тайп-тайпана кепаш хаар (1аморан, йовзаран, хьажаран) |
| | 2.4 | Тайп-тайпанчу хаарийн хьостанашкара информаци схьахаржар |
| | 2.5 | Лингвистически дошамех, литературех парг1ат пайдаэца хаар |
| 3 | | *Йоза* |
| | 3.1 | Хаттарех пайда а оьцуш, жима йозанан текст х1отто хаар |
| | 3.2 | Тайп-тайпанчу стилийн, жанрийн тексташ кхоллар (шена хетарг, аннотаци, къамелдар, кехат яздар, расписка, д1ахьедар (заявление) |
| | 3.3 | 1алашоне а, теме а, уьйрашка а хьаьжжина, меттан г1ирсаш вовшахтоха а, харжа а хаар |
| | 3.4 | Монологан а, диалоган а тайп-тайпанчу кепех пайдаэца хаар |
| | 3.5 | Шен ойланаш барта а, йозанца а парг1ат, нийса йийца хаар, текст х1отторан бакъонаш ларъеш (ойланийн некъ, хьалха-т1аьхьалла, йозуш хилар, темица йог1уш хилар и. д1. кх.) |
| | 3.6 | Бакъдолчух а, гонахьарчу хиламех а: ешначух, хезначух, гиначух–шена хетарг нийса дог1уш дийца хаар |
| | 3.7 | Шен къамелан уьйрашкахь х1инцалерчу нохчийн литературин меттан аларан, лексически, грамматически норманаш ларъяр |
| | 3.8 | Йозанехь орфографически а, пунктуационни а коьрта бакъонаш ларъяр. |
| | 3.9 | Нохчийн меттан оьздангалла къамелехь ларъяр |
| | 3.10 | Ша дечу къамелан таллам а, нийса жам1 а дар; къамелехь а, йозанехь а г1алаташ лаха а, нисдан а хаар; шен тексташ тоян хаар |

Нохчийн Республикин дешаран а,
Іилманан а Министерствон
2018-чу шеран ________ беттан
___-чу дийнан № ___омрина юххедиллар

**Йийцаре йина**
Нохчийн Республикин дешаран а,
Іилманан а министран
хьалхара заместитель,
белхан тобанан куьйгалхо
_________________ Тааев Д.И.
2018-чу шеран ________ беттан ___ де.

**ТІечІагІйо**
Нохчийн Республикин дешаран а,
Іилманан а министр
_________________ Байханов Б.И.
2018-чу шеран ________ беттан 18 де.

# Пачхьалкхан коьрта экзаменан (ПКЭ) кепехь коьрта юкъардешаран программашца д1ахьош йолу пачхьалкхан жамІдаран аттестаци

# 2019 шарахь НОХЧИЙН МЕТТАН коьрта пачхьалкхан экзамен дІаяхьа лерина йолу талламан-лараран коьчалийн спецификаци

Кечйина Нохчийн Республикин дешаран а, Іилманан а Министерствос

КОПИЯ ВЕРНА №1
“___” ____________ 201__

# 2019 шарахь НОХЧИЙН МЕТТАН пачхьалкхан коьрта экзамен д1аяхьа лерина йолу талламан-лараран коьчалийн спецификаци

**1. ПКЭ-а леринчу ТЛК-н лехам** – дешархойн пачхьалкхан жам1даран аттестаци яран 1алашонца юкъардешаран хьукматийн 9-чу классан арахецархоша нохчийн маттана кечамбаран т1ег1анан мах хадор.

ПКЭ д1ахьо 2012 шеран 29-чу декабрехь араяьллачу №273 – ФЗ «Российски Федерацин дешаран хьокъехь» йолчу Федеральни бакъонца цхьаьнайог1уш.

**2. ТЛК-н чулацам билгалбен документаш**

Экзамеиационни белхан чулацам къастабо коьрта юкъарчу дешаран пачхьалкхан стандартан Федеральни компонентан буха т1ехь (Россин Федерацин дешаран Министерствон 05.03.2004-чу шеран № 1089 йолу омра).

**3. ТЛК-н д1ах1оттам кхолларан а, чулацам харжаран а некъаш**

Экзаменационни балхо толлу дешархойн лингвистически компетенци (маттах а, къамелах а долу хаарш; шайн балха т1ехь лингвистически хаарех пайдаэца хаар, иштта довзийтаран, классификацин, жам1даран дешаран меттан хаарш а, карадирзинарш а). Меттан норманаш (лексически, грамматически, стилистически, нийсаяздаран, пунктуационни) ларъярца доьзна долчу хаарша а, карадирзинчара а гойту дешархойн меттан компетенцин барам. Къамелан белхан продуктивни а, рецептивни а карадирзинарш дешархошна хааран барамехь толлу белхан коммуникативни компетенци.

Коьртачу ишколехь дешар чекхдоккхуш, экзамен лучеран кечамбаран барам а, нохчийн маттана кечамбаран барамехь болу пачхьалкхан лехамаш а цхьаьнабог1уш хиларан мах хадо таро ло экзаменехь делла т1едахкарш кхочушдаро. Цо таро хуьлуьйту лакхарчу классашкахь дешар кхиамца д1адахьа.

ПКЭ-н экзаменационни болх вариативность ларъеш х1оттийна: экзамен лучунна бакъо ло сочиненин кхаа вариантех цхьаъ харжа.

Къаьстинчу т1едахкарийн а, берриге экзаменационни белхан а мах хадоран къеие (система) кхоьллина нохчийн мотт хьехаран ламасташ а, педагогически дустарийн белхан а, теорин а лехамаш ларбеш.

**4. ТЛК-н чулацаман а, д1ах1оттаман а характеристика**

ТЛК-н х1ора вариант кхаа декъах а льтта, шайн кепаца а, чолхаллин барамца а къаьсташ долу 15 т1едиллар юкъа а лоцу.

1-ра дакъа – ладоьг1начу текстан буха т1ехь билгалдаьхначу хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбен жима йозанан болх (1-ра т1едиллар).

2-г1а дакъа – (2-14 т1едахкарш) доцца жоп даларан т1едахкарш.

Экзаменационни балха т1ехь хьалха х1иттийна х1окху тайпана доцца жоп даларан т1едахкарш:

– ша вовшахтоьхна доцца жоп д1аяздаран т1едиллар;

– хьалха х1иттийначу жоьпашна юкъара нийса долу цхьаъ схьакъасто а, д1аяздан а хаар.

3-г1а дакъа (15-г1а альтернативни т1едиллар) ешначу текстан буха т1ехь, ялийначу клишех пайда а оьцуш, шена хетарг схьаала хаар толлуш долу даьржинчу жоьпаца йиллинчу кепехь т1едиллар (сочинени).

Т1едахкарш экзаменационни белхан дакъошка декъар гайтина 1-чу таблицехь.

*1-ра таблица.*

*Т1едахкарш белхан дакъошца декъар*

| Белхан дакъош | Т1едахкарийн барам | Лаккхара юьхьанцара балл | Т1едахкарийн тайпанаш |
|---|---|---|---|
| 1-ра дакъа | 1 (1-ра т1едиллар) | 5 | Даьржинчу жоьпаца т1едиллар |
| 2-г1а дакъа | 13 (т1едахкарш 2-14) | 13 | Доццачу жоьпаца т1едиллар |
| 3-г1а дакъа | 1 (15-г1а т1едиллар) | 9 | Даьржинчу жоьпаца т1едиллар |
| 1, 3-г1ий дакъош | | Къамел ма-дарра а, нийса а д1аяздан хаарна – 10 балл | |
| Дерриге а | 15 | 37 | |

**5. ТЛК-н т1едахкарш чулацаме, толлучу хаарийн а, бараман а г1уллакхе хьаьжжина декъар**

Т1едахкарш «Нохчийн мотт» предметан коьртачу чулацаме дакъошка декъар 2-чу таблицехь гайтина.

*2-г1а таблица.*

*Т1едахкарш «Нохчийн мотт» предметан коьртачу чулацаме дакъошка декъар*

| Чулацаме дакъош | Т1едахкарийн барам | Лаккхара юьхьанцара балл | Берриге а белхан лаккхарчу юьхьанцарчу баллах (37 балл) чулацаман х1ора декъан т1едах-карийн лаккхарчу юьхьанцарчу баллан процент |
|---|---|---|---|
| Къамел. Ладог1ар. Барта къамелах нийса кхетар. Йозанца чулацам схьабийцар (ладоьг1начу текстан буха т1ехь билгалдаьхначу хаттаршна жоьпаш далар) | 1 | 5 | 14 |
| Къамел. Дешар. Йозанан къамелах нийса кхетар | 1 | 1 | 2 |
| Синтаксис | 4 | 4 | 12 |
| Орфографи | 2 | 2 | 5 |
| Пунктуаци | 5 | 5 | 14 |
| Нохчийн меттан къамелан суртх1оттор | 1 | 1 | 2 |
| Къамел. Йоза. Т1едилларе хьаьжжина, шен чулацамца а, маь1ница а йог1у текст х1оттор | 1 | 9 | 24 |
| Къамел ма-дарра а, нийса а д1аяздар | 1, 3 дакъош (дерриш а) | 10 | 27 |
| Дерриге а | 15 | 37 | 100 |

Нохчийн меттан ПКЭ экзаменационни кепан т1едахкарш тайп-тайпана ду, шен меттан коьчалшка хьаьжжина (хьажа 3-чу таблице).

Экзамен лучо болх бо текстан чулацаман меттан хиламашца; хаттаршна жоьпаш даларца жима йозанан болх кхочушбо, шен йозанан монологически д1аалар кхуллу.

*3-г1а таблица.*

*Т1едахкарш меттан коьчалца болчу белхан тайпанашка декъар*

| Меттан коьчалца болчу белхан тайпанаш | Т1едахкарийн барам | Лаккхара юьхьанцара балл | Берриге а белхан лаккхарчу юьхьанцарчу баллах (37 балл) процентах меттан коьчалца болчу белхан тайпанийн кхочушдинчу т1едахкарийн лаккхарчу юьхьанцарчу баллан процент |
|---|---|---|---|
| Хаттаршна жоьпаш даларца жима йозанан болх кхочушбар | 1 | 5 | 14 |
| Текстаца болх: текстан чулацаман меттан хиламашца болх бар (текстан меттан анализ) | 13 | 13 | 35 |
| Сочинени язъяр | 1 | 9 | 24 |
| Практически нийсаяздар | | 10 (язйинчу сочиненин, хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбинчу йозанан белхан буха т1ехь) | 27 |
| Дерриге а | 15 | 37 | 100 |

## 6. ТЛК-н т1едахкарш шайн чолхаллин барамашца декъар

4-чу таблицехь гайтина экзаменационни белхан т1едахкарш шайн чолхаллин барамашца декъар.

*4-г1а таблица.*

*Экзаменационни белхан т1едахкарш шайн чолхаллин барамашца декъар*

| Т1едахкарийн чолхаллин барам | Т1едахкарийн барам | Лаккхара юьхьанцара балл | Берриге а белхан лаккхарчу юьхьанцарчу баллах (37 балл) чолхаллин барамца долчу т1едахкарийн лаккхарчу юьхьанцарчу баллан процент |
|---|---|---|---|
| Юьхьанцара | 14 | 28 | 76 |
| Лакхара | 1 | 9 | 24 |
| Дерриге а | 15 | 37 | 100 |

**7. Нохчийн меттан ПКЭ д1аяхьаран хан**

Экзаменационни болх кхочушбарна лерина ю 235 минот.

**8. Г1оьнна лерина коьчалш**

Экзамен лучарна бакъо ло нийсаяздаран (орфографически) дошамах пайдаэца.

**9. Къаьстина т1едахкарш а, берриге экзаменационни болх а кхочушбаран мах хадоран къепе (*система*)**

Белхан **1-чу декъан** т1едилларан (хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбинчу йозанан белхан) жоьпан мах хадабо леррина х1оттийначу критерешца. Хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбинчу йозанан балхана лерина лаккхара балл–**5**.

Белхан **2-чу декъан** х1ора т1едиллар нийса кхочушдарна арахецархочунна 1 балл ло. Жоп нийса цадаларна я жоп делла цахиларна ноль балл х1оттайо. Экзамен лучунна белхан 2-чу декъан т1едахкарш нийса кхочушдарна х1итточу баллийн лаккхара барам –**13**.

Белхан **3-чу декъан** т1едилларан жоьпан мах хадабо леррина х1оттийначу критерешца.

Сочиненина-ойлаярна (альтернативни т1едилларна) лерина лаккхара балл – **9**.

Экзамен лучун йозанан къамел ма-дарра а, нийса а д1аяздаран мах хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбина йозанан болх, сочинени талларан буха т1ехь цхьаьна **10** балл хадабо.

Экзамен лучо берриге а экзаменационни болх кхочушбарна х1итточу **баллийн лаккхара барам – 37.**

Экзаменационни белхаш шина эксперто толлу. Эксперташа экзаменационни белхан х1ора т1едилларна йог1уш йолу балл х1оттайо. Нагахь санна цу шина эксперто х1иттийна баллаш цхьаьнайог1уш ца хилахь, и болх кхоалг1ачу эксперто толлу. Дешаран предметаца йог1уш йолчу мах хадоран критерешкахь билгалдина ду баллийн цхьаьнацадар.

Предметни комиссин председатело кхоалг1а талламхо (эксперт) х1оттаво хьалха и белхаш толлуш цахиллачарех.

Хьалха теллинчу белхийн мах хадоран баллийн информаци кхоалг1ачу талламхочуьнга (эксперте) д1ало.

Кхоалг1ачу талламхочо (эксперто) х1иттийна баллаш т1аьххьара ю.

Ладам боллуш лору шина талламхочо 1-чунна т1ера 15-чунна т1екхаччалц долу т1едахкарш кхочушдарехь х1иттийначу баллийн барам 10 а, цул сов а цхьаьнацабар нислахь (х1ора эксперто т1едахкарийн мах хадоран массо позицешца (критерешца) х1иттийна баллаш вовшахтуху: ХЖК1–ХЖК2, С1К1– С1К4, С2К1– С2К4, С3К1–С3К4, ГК1–ГК4, ФК1).

*И тайпа хьал нислахь, кхоалг1ачу талламхочо (эксперто) мах хадоран ерриге а позицешца 1-15-г1ий т1едахкаршна юха а таллам бо.*

Белхан дерриге а т1едахкаршна х1иттийначу баллийн буха т1ехь юкъара балл ягар а йой, **5** баллан т1ег1анца мах хадабо.

**10. Экзамен д1яхьаран хьелаш (*говзанчашка лехамаш*)**

Нохчийн меттан экзамен йолчу аудитори чу нохчийн меттан говзанчаш-филологаш ца буьту. Экзаменехь вовшахтохархо (организатор) хила веза нохчийн мотт хьоьхуш воцу хьехархо. Экзамен д1аяхьаран юкъара инструкци хиларо таро хуьлуьйту, предметан говзачаш юкъа ца озош, цхьатерра хьелаш лардан.

Кхид1а даладо экзамен д1аяхьаран магийна низам.

Экзаменационни коьчал чохь йолу пакет каракхаьчначул т1аьхьа экзамен лучара дерриге кехаташ я бланкаш, шайх болу хаамаш т1еязбой, охьадохку, оьшучу низамехь белхан меттехь.

Цкъа хьалха экзамен лучара ладуг1у юьхьанцарчу тексте. Тексте ладуг1учу хенахь экзамен лучеран бакъо ю черновик т1ехь цхьацца йозанаш дан. Шозлаг1а ешначул т1аьхьа хаттаршна жоьпаш даларца йозанан болх кхочушбо экзамен лучара. Тексте ладуг1у, аудиозаписах пайда а оьцуш.

## Хаттаршна жоьпаш даларца йозанан болх д1абахьаран кеп

| № | Организаторан болх | Экзамен лучеран болх | Гергарчу хьесапан хан |
|---|---|---|---|
| 1 | Дуьххьара аудиозапись х1оттор | Юьхьанцарчу тексте ладог1ар. Тексте ладуг1учу хенахь черновик т1ехь цхьацца йозанаш дар. | 2,5-3 минот |
| 2 | Текстан ойлаян хан ялар | Черновикашца болх бар | 3-4 минот |
| 3 | Аудиозапись шолг1а х1оттор | Юьхьанцарчу тексте ладог1ар | 2,5-3 минот |
| 4 | Запись д1аяккхар. Болх язбан болабан безарх а, дошам лело бакъо хиларх а хаам бар | | |
| 5 | | Йозанан болх кхочушбар | |

Цул т1аьхьа дешархошна йовзуьйту х1оранна хьалха охьайиллина йолу еша лерина текст. Экзамен лучарна ешначу текстан чулацамца а, лингвистически анализца доьзна долу т1едахкарш кхочушдар т1едуьллу.

**Белхан дерриге дакъош т1ехь болх бечу хенахь экзамен лучеран бакъо ю нийсаяздаран (орфографически) дошамах пайдаэца.**

Даьржина жоп долу т1едиллар толлу пачхьалкхан жам1даран аттестацин т1едахкарш талла кечбина болчу нохчийн меттан говзанчаша.

**11. 2018-чу шеран ТЛК-хь хиллачуьнца дуьстича, 2019-чу шеран ТЛК-хь хийцамаш бац.**

**2019 шеран 9-чу классан дешархойн нохчийн меттан ПКЭ-н ТЛК-н вариантан жам1даран хьесап (план)**

*Т1едахкарийн чолхаллин барам: Юь – юьхьанцара (гергарчу хьесапехь - 60-90%) Л – лаккхара (40% к1еззиг)*

| Терахьийн рог1алла | Толлучу чулацаман дакъош | Толлучу чулацаман дакъойн код | Толлучу хаарийн код | Т1едиллараи чолхаллин барам | Кхочушдинчу т1едил-ларан лаккхара балл | Т1едиллар кхочушдан елла хан гергарчу хьесанехь (миот) |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Тайп-тайпанчу стилийн, жанрийн текстийн информационни кечдар.<br>Текст къамелан произведени санна.<br>Текстан маь1нин а, д1ах1оттаман а цхьаалла.<br>Теме, 1алашоне, т1екаренан хьелашка хьаьжжина текстан меттан г1ирсаш къастор.<br>Къамелан тайпанийн, фукционально-маь1нийн, тайп-тайпанчу стилийн тексташ кхоллар.<br>Грамматически норманаш (морфологически норманаш).<br>Грамматически норманаш (синтаксически норманаш).<br>Лексически норманаш.<br>Цхьалхечу а, чолхечу а предложенешкахь сацаран хьаьркаш.<br>Орфограмма | 11<br>8.1<br>8.4<br>8.6<br>9.3<br>9.4<br>9.2<br>7.18<br>6.1 | 2.1<br>2.4<br>3.1<br>3.3<br>3.5<br>3.6<br>3.8 –<br>3.10 | Юь | 5[1] | 90 |
| 2 | Текст къамелан произведени санна. Текстан маь1нин а, д1ах1оттаман а цхьаалла. Текстан анализ | 8.1 | 2.1<br>2.3<br>2.4 | Юь | 1 | 8 |
| 3 | Лексикин а, фразеологин а суртх1отторан г1ирсаш. Суртх1отторан г1ирсийн анализ | 10.1 | 1.1 | Юь | 1 | 6 |
| 4 | Дешхьалхенийн нийсаязъяр.<br>Цхьаьна, дефисца, къаьстина яздар | 6.6<br>6.16 | 1.1 | Юь | 1 | 4 |
| 5 | Тайп-тайпана къамелан дакъойн суффиксаш нийсаязъяр.<br>Карарчу хенан причастин суффиксаш а, хандешнийн чаккхенаш а нийсаязъяр | 6.7<br>6.8<br>6.10 | 1.1 | Юь | 1 | 5 |
| 6 | Лексика а, фразеологи а. Синонимаш. Фразеологически карчамаш. Схьадовларца а, шайх пайда эцарца а дешнийн тобанаш | 2.2 | 1.3 | Юь | 1 | 5 |
| 7 | Дешнийн цхьаьнакхетарш | 5.1 | 1.1 | Юь | 1 | 4 |
| 8 | Предложени.<br>Предложенин грамматически лард. Подлежащи а, сказуеми а | 5.2 | 1.1 | Юь | 1 | 6 |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 9 | Чолхеяьлла цхьалхе предложени | 5.7, 7.19, 7.2-7.5 7.7 | 1.1 | Юь | 1 | 6 |
| 10 | Пунктуационни анализ.<br>Предложеница грамматически уьйр йоцуш долу дешнаш долчу предложенехь сацаран хьаьркаш | 7.19 7.8 | 1.1 | Юь | 1 | 5 |
| 11 | Чолхечу предложенин синтаксически анализ | 5.13 | 1.1 | Юь | 1 | 6 |
| 12 | Пунктуационни анализ.<br>Чолхе-цхьаьнакхеттачу а, чолхе-карарчу а предложенешкахь сацаран хьаьркаш | 5.8, 7.11, 7.12, 7.19 | 1.1 | Юь | 1 | 5 |
| 13 | Чолхечу предложенин синтаксически анализ | 5.8, 5.9, 5.13, 7.14-7.17 | 1.1 | Юь | 1 | 6 |
| 14 | Тайп-тайпанчу уьйрашца йолу чолхе предложени | 5.10, 5.14, 7.13 | 1.1 | Юь | 1 | 6 |
| 15 | Текст кьамелан произведени санна.<br>Текстан маьlнин а, дlахlоттаман цхьаалла.<br>Къамелан тайпанийн а, функционально-маьlнийн тайн-тайпанчу стилийн а, жанрийн а текстан информационни таллар.<br>Грамматически норманаш (морфологически норманаш). Грамматически норманаш (синтаксически норманаш).<br>Лексически норманаш | 8.1, 8.2, 8.6, 11 9.2-9.4 | | Л | 9 [1] | 60 |

Дерриге тlедахкарш – **15**. Царех чолхаллин барамца: Юь-**14**; Л-**1**.
Лаккхара юьхьанцара балл – **37**.
Болх кхочушбарна хан – **235 минот**.

[1] 1-рий, 15-гlий тlедахкарш толлуш, экзамен лучун йозанан къамел ма-дарра а, нийса а дlаяздаран мах хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбина йозанан болх, сочинени талларан буха тlехь цхьаьна **10** баллаца хадабо.